

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Méthode jeung Varibel Panalungtikan

##### 3.1.1. Méthode Panalungtikan

Numutkeun Campbell jeung Stanley dina Arikunto (2002:77) dumasar kana sampurna henteuna panalungtikan , disain panalungtikan dibagi kana dua kelompok. (1) *pre experimental design* atawa disebut ogé ékspérimén anu tacan sampurna, (2) *true experimen design* atawa disebut ogé ékspérimén nu sampurna. Ku sabab *pre experimental design* mangrupa panalungtikan anu lain sabenerna , mangka sok disebut ogé panalungtikan kuasi atawa kuasi ékspérimén.

Méthode kuasi ékspérimén digunakeun pikeun ngukur kamampuh atawa nguji kamampuh siswa dina pangajaran kaparigelan nulis karangan narasi ngaliwatan média lagu.

##### 3.1.2. Variabel Panalungtikan

Arikunto (2002:96) nétélakeun yén anu disebut variabel panalungtikan nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur panitén dina panalungtikan.

Dina panalungtikan anu maluruh ngeunaan pangaruh tina salah sahiji perlakuan atawa *treatment*, sok aya nu disebut *variabel bebas* jeung *variabel kuager*. Hal ieu luyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2002:97) yén dina panalungtikan nu maluruh salah sahiji *treatment* aya nu disebut variabel anu mangaruhan, nu biasana disebut *variabel bébas (independent variable)* jeung aya ogé variabel akibat atawa *variabel kuager (dependent variable)*.

Dumasar kana jenis variabel di luhur, nu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta média lagu nu mangrupa *treatment* atawa perlakuan, sedengkeun variabel kaugerna nya éta hasil diajar nulis mangrupa karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.

### 3.2. Disain Panalungtikan

Disain kuasi ékspérimén aya tilu rupa, (1) *one shot study*, (2) *pretes-post tes*, jeung (3) *static group comparison*. Dina panalungtikan ieu disain kuasi ékspérimén anu digunakeun nya éta *pre eksperimen* ( $O_1$ ) disebut pra tés jeung *post eksperimen* ( $O_2$ ) disebut pasca tés. Dina pedaran saterusna baris disebut pratés jeung pascatés.

Data pratés jeung pasca tés baris katitén dihandap

Pola:

$O_1$	X	$O_2$
-------	---	-------

$0_1$  = pra tés

$0_2$  = pasca tés

x = perlakuan atawa treatment nu mangrupa prosés diajar ngajar ngagunakeun média gambar

( Arikunto, 2002:78)

### **3.3. Populasi jeung Sampel**

#### **3.3.1. Populasi**

Numutkeun Arikunto (2002:108) populasi nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Lamun aya anu nalungtik sakabéh élemén anu aya di wilayah panalungtikan, panalungtikanana mangrupa panalungtikan populasi.

Populasi jeung sampel dina ieu panalungtikan mangrupa sumber data. Populasi atawa *universe* mangrupa sakabéh unit individu anu ditalungtik sipat jeung karakterna. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung tahun ajaran 2006/2007, anu jumlahna kurang leuwih aya 320 siswa.

#### **3.3.2. Sampel Panalungtikan**

Sampel nya éta bagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto,2002:109). Anapon sampel dina ieu panalungtikan nya éta mangrupakeun bagian tina siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung anu jumlahna aya genep kelas (ti A nepi ka F). Pikeun nangtukeun sampel anu ditalungtik téh nya éta nya éta ku

cara ngagunakeun sampel random (sampel acak). Kertas di tulisan ti huruf A nepi ka huruf F, saterusna dikoclok nepi ka kaluar hiji huruf anu mangrupikeun wawakil ti kelas VIII anu bakal dijadikeun sampel. Sabada dikoclok anu kaluarna nya éta kelas VIII F, mangka anu jadi sampel ieu panalungtikan téh kelas VIII F SMP Pasundan 3 Bandung nu jumlahna aya 40 karangan narasi.

### **3.4. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

#### **1. Studi Dokumentasi**

Studi Dokumentasi mangrupikeun léngkah munggaran dina panalungtikan. Téhnik ieu mangrupa kagiatan mu'talaah sumber jeung data nu aya pakaitna jeung média pembelajaran hususna média lagu oge ngeunaan téhnik penulisan karangan dina hal ieu nya éta karangan narasi. Téhnik ieu digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data dumasar kana tiori anu dipilih luyu jeung pangabutuh. Hasilna nangtukeun jeung nyieun konsép-konsép anu bakal ditalungtik.

#### **2. Uji Coba**

Uji coba dina panalungtikan ieu, panalungtik nyiapkeun bahan pangajaran nulis karangan narasi ngagunakeun média lagu anu bakal dipaké nalika tés.

#### **3. Téhnik tés**

Tés anu dilakukeun pikeun mikanyaho kaéfektifan média lagu dina ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi. Tés dilaksanakeun dua kali nya éta pratés jeung

pascatés. Siswa nyieun karangan narasi nu témana geus ditangtukeun. Karangan dianalisis tur hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

### **3.5. Téhnik Ngumpulkeun data**

Dina ngumpulkeun data, perlu aya alat atawa téhnik nu tangtu luyu jeung masalah katut métode pangajaran. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngagabungkeun dua data nya éta data hasil tina pratés jeung pascatés.

### **3.6. Instrumén Panalungtikan**

Instrumén mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun . Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésa bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén pikeun ngumpulkeun data anu bener-bener dirancang jeung dijieun sarta diperlukeun.

Dumasar kana métode studi kuasi ékspérimén, instrumén panalungtikan nu bakal digunakeun nya éta :

1. Tés

Tés dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan narasi. Tés anu dilaksanakeun nya éta pratés jeung pascatés.

a. Praté

Praté mangrupikeun tés anu kahiji, prosésna nya éta:

- Guru méré informasi heula ka siswa ngeunaan matéri karangan narasi;
- Guru nangtukeun hiji téma karangan (dina ieu panalungtikan téma karangannana “Pilemburan”);
- Guru ngabagikeun format karangan (lembar kosong pikeun nulis karangan);
- Guru méré pancén ka siswa pikeun nulis karangan narasi luyu jeung téma tur wangun karangan narasi nu geus dijelaskeun heula saméméhna.

(panalungtikan dilaksanakeun 2 jam pelajaran)

b Pasca tés

- Guru méré informasi nu leuwih euyeub ngeunaan matéri karangan narasi;
- Guru muterkeun hiji lagu ngagunakeun *tape recorder*. Judul laguna “ceuk saha” ti Wina (1x);
- Guru ngabagikeun téks lagu “ceuk saha” ka siswa
- Guru muterkeun lagu “ceuk saha” sakali deui.
- Guru nerangkeun ngeunaan kecap-kecap dina téks anu teu dipikaharti ku siswa.
- Guru ngabagikeun format karangan

- Guru mére pancén ka siswa pikeun nulis karangan narasi (téma karangan masih sarua “pilemburan”)  
(panalungtikan dilaksanakeun 2 jam pelajaran)

Teks lagu jeung hasil karangan siswa terlampir.

### TÉS NGARANG

Jieun hiji karangan anu katangtuanana saperti ieu di handap:

1. Warna karangan: Karangan Narasi
2. Tema: “Pilemburan”
3. Komponen anu dipeunteun :
  - a. Kualitas jeung lingkup eusi
  - b. Organisasi jeung tampilan eusi
  - c. Gaya basa
  - d. Wangun gramatikal
  - e. Éjaan
  - f. Karapihan Tulisan
4. Waktu: 2x 45 menit

Judul: Ceuk Saha

Penyanyi: Wina

Ciptaan: Endang.O

“ Ceuk Saha”

Pancuran cai pancuran  
Nu ngocor kana wahangan  
Maseuhan ka pasawahan

Ku betah ningal ngeplakna  
Haréjo acan waktuna  
Nu tani meunang hasilna

Hoyong ningal keur konéngna  
Paré éta dialana  
Hanjakal acan waktuna  
Ku waraas kakuping nu keur panénna

Ceuk saha aduh ceuk saha  
Henteu kabita  
Mun leumpang mapay pasawahan  
Ceuk saha aduh ceuk saha  
Taya éndahna  
Mun ningal pamandangan pilemburan

Cur cor cai pagunungan  
Matak betah nu ningalna



Aya sababaraha kriteria numutkeun Rahman (TT: 44-45) anu bakal diajén tina hasil karangan narasi siswa sangkan leuwih jentre, pedoman meunteun karangan baris di format saperti ieu

Tabel 3.1

**PEDOMAN MEUNTEUN KARANGAN  
TÉS NULIS KARANGAN NARASI**

<b>Kamampuh Nulis</b>	<b>Skor</b>	<b>Tingkat</b>
<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>
<b>Kualitas jeung Lingkup Eusi</b>	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
<b>Organisasi jeung Tampilan Eusi</b>	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
<b>Gaya Basa</b>	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
<b>Wangun Gramatikal</b>	5 4	Hadé pisan Hadé

	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
<b>Éjaan</b>	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
<b>Karapihan Tulisan</b>	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
<b>Jumlah Skor</b>	<b>30-6</b>	
<b>Peunteun</b>	<b>10-2</b>	

Keterangan :

1) Kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina hasil nulis karangan narasi siswa.

Téma téh jadi pameungkeut sagemblengna carita, atawa muncul tina carita sagemblengna. Ku lantaran téma karangan téh mimindengna implicit, biasana mah sok dicindekkeun ku nu maca.

2) Organisasi jeung tampilan eusi

Organisasi jeung tampilan eusi hubunganana jeung jumlah runtuyan eusi karangan (runtuyan idé) dina nyusun tulisan.

### 3) Gaya basa

Gaya basa dina panalungtikan ieu panalungtikan nya éta cara siswa milih gaya sarta tulisan anu merenah dititén tina ngagunakeun pilihan kécap (diksi) anu luyu tur merenah sarta ngagunakeun kalimah anu éféktif

### 4) Wangun gramatikal

Wangun gramatikal tulisan ngawengku kalimah anu ditulis ku murid, patalina jeung fungsi kalimah ngawengku Jejer (Subjek), Caritaan (Predikat), salaku unsur anu inti dina kalimah, sarta Udagan (Objek), Panglengkep (Pelengkap), jeung Katerangan (Keterangan) mangrupa unsur anu ngadukung.

### 5) Éjahan

Ejahan nya éta aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora basa ku aksara. Éjahan dina ieu panalungtikan téh ngawengku aturan makéna aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun wangun injeuman, jeung cara makéna tanda baca. Éjaan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, rarangkén, tanda baca jeung sajabana.

### 6) Karapihan tulisan

Karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan pisik. Tulisan buatan murid, ngagunakeun hurup anu jelas sarta babari kabaca.

## 3.7. Téhnik Ngolah Data

Dina kagiatan ngolah data mibanda tujuan pikeun néangan jawaban kana pasualan dina ieu panalungtikan. Data anu paling utama dina ieu panalungtikan nya éta ngolah data pratés jeung pascatés. Hasil tina angkét pikeun ngalengkepan nu

ngadeudeul pikeun méré argumén kana hasil hipotésis bisa némbongkeun hadé atawa goréngna.

Dina panalungtikan anu diolah dina enas-enasna mah ditujukeun pikeun mikanyaho:

- 1) Naha média lagu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 2) Kumaha bédana antara kamampuh nulis karangan narasi pratés jeung pascatéés pikeun pangajaran nulis siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 3) Naha média pangajaran kaparigelan nulis karangan narasi anu ngagunakeun média lagu téh éféktif?

### **3.7.1. Ngolah Data**

Pikeun maluruh tujuan kasebut di luhur baris dilakukeun léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu:

### **3.7.2. Méré Peunteun karangan**

Pikeun nangtukeun jumlah skor karangan siswa, digunakeun pedoman meunteun saperti nu kaunggel dina tabél 3.1.

Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal karangan siswa nya éta 30. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100 \%$$

Sangkan leuwih écés, skor ahir siwa ditabulasikeun dina tabel di handap.

Tabel 3.2

**SKOR TÈS NULIS KARANGAN NARASI SISWA**

No.	K	A	B	C	D	E	F	$\Sigma$	P	%	Kategori
1.											
2.											
3.											

**Kat:**

**K** = Kode karangan siswa

**A** = Kualitas jeung Lingkup Eusi

**B** = Organisasi jeung Tampilan Eusi

**C** = Gaya Basa

**D** = Wangun Gramatikal

**E** = Ejaan

**F** = Karapihan Tulisan

$\Sigma$  = Jumlah Skor

**P** = Peunteun

**Kategori** = *Présentase* > 60 %, siswa dianggap **mampuh** nulis karangan narasi.

*Présentase* < 60 %, siswa dianggap **can mampuh** nulis karangan narasi

### 3.7.3. Nguji Sipat Data

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

#### 3.7.3.1. Uji Normalitas

Tujuan diayakeunana uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat nu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat nu normal atawa henteu, ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ).

Pikeun nangtukeun uji normalitas, langkah-langkahna nya éta :

1. Nyieun tabel frékuénsi peunteun

Tabel 3.3

TABEL FRÉKUÉNSI PEUNTEUN

Skor (x)	f	f.x	f.x <sup>2</sup>
	4	12	16

b) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pratés

$$\bar{X} = \frac{\sum fx}{N}$$

c) Ngitung Standar Déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

d) Nyieun tabel frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

**Tabel 3.4**

**FRÉKUÉNSI OBSÉRVASI JEUNG FRÉKUÉNSI ÉKSPÉKTASI**

Kelas	O <sub>i</sub>	bk	Z	Z (tabel)	L	E <sub>i</sub>	χ <sup>2</sup>

(1) Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(2) Ngitung rentang (*r*)

$$r = \text{Skor pangluhurna} - \text{Skor panghandapna}$$

(3) Ngitung panjang kelas (*p*)

$$p = \frac{r}{k}$$

(4) Ngitung nilai tengah anatar interval nu handap jeung nu luhur (*bk*)

(5) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

(6) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{tabel}$$

(7) Ngitung frékuénsi observasi (O<sub>i</sub>)

(8) Ngitung frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = L \times N$$

(9) Nangtukeun chi kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Arikunto,2002:259)

(10) Nangtukeun derajat kebebasan

$$db = k - 3$$

(11) Nangtukeun  $\chi^2$  (chi kuadrat) tina daptar

(12) Nangtukeun Normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi ppulasi digunakeun kritéria di handap ieu.

$\chi_{itung}^2 < \chi_{tabel}^2$  hartina distribusi data normal, tapi

$\chi_{itung}^2 > \chi_{tabel}^2$  hartina distribus data teu normal



### 3.7.3.2 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén heunteuna variasi sampél tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén heunteuna data ngagunakeun rumus *chi kudrat*

Pikeun nangtukeun uji homogénitas, langkah-langkahna nya éta :

1) Nangtukeun skor variable x masing-masing kelompok pratés jeung pascatés.

➤ Variabel x pratés

$$\begin{array}{l} \sum fx^2 = \dots \\ \sum (fx)^2 = \dots \end{array}$$

➤ Variabel x Pascatés

$$\begin{array}{l} \sum fx^2 = \dots \\ \sum (fx)^2 = \dots \end{array}$$

2) Ngitung variasi masing-masing kelompok

➤ Variasi pratés ( $S1^2$ )

$$S1^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

➤ Variasi pascatés ( $S2^2$ )

$$S2^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

3) Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2b}{S^2k}$$

4) Ngitung db

$$db_1 = n-1$$

(Arikunto,2002:291)

5) Nangtukeun F tabel

Nilai F tabel kalayan ngagunakeun taraf kapercayaan 95%, db 39 mangka kapanggih yén nilai  $f$  tabel nya éta 2,14

6) Uji homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria di handap ieu.

$f_{itung} < f_{tabel}$  hartina variasi sampel homogén, tapi

$f_{itung} > f_{tabel}$  hartina variasi sampel teu homogén

#### 3.7.4. Uji Gain

Dilakukeunana uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascatés. Tina hasil uji gain ieu, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana média lagu kana kamampuh nulis karangan narasi.

Pikeun nangtukeun uji gain, baris ngagunakeun tabél di handap.

**Tabel 3.5**  
**UJI GAIN (D) TINGKAT KAMAMPUH NULIS KARANGAN NARASI**  
**NGAGUNAKEUN MÉDIA LAGU**

No	Pratés	Pascatés	$\Sigma$	d	$d^2$

### 3.7.5. Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis, langkah-langkahna nya éta :

- 1) Nyieun tabel uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés

**Tabel 3.6**

**TABEL UJI JUMLAH RATA-RATA PRATÉS JEUNG PASCATÉS**

No	Pratés	Pascatés	d	$d^2$	Xd (d-Md)

- 2) Nangtukeun mean tina beda pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

3) derajat kebebasan (db) kalawan rumus

$$db = n - 1$$

4) Ngitung t kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

